

Nim. 202.50

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, epi an plis, avèk dokiman sa a, mwen ap kontinye sispansyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa enstwiksyon yo, ke yon enstwiksyon annapre pa sispann, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202.30 ak Dekrè Egzekitif 202.40 lan, ki te amande enstwiksyon ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.30 lan pou trant jou jiska 8 dawout 2020:

AN PLIS DE SA, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon eta ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 8 dawout 2020:

- Enstwiksyon ki nan Dekrè Egzekitif 202.5 ki te mande fèmten tout pati komen nan sant komèsyal kote popilasyon an konn fè acha an detay yo, jan yo pwolonje li, epi jan li te kontinye epi modifiye nan Dekrè Egzekitif 202.48, avèk dokiman sa a, li modifiye pou pèmèt sant komèsyal yo ouvri nan zòn nan Eta a ki nan Katriyèm Faz reyouvèti yo, a kondisyon ke sant komèsyal yo adere a enstwiksyon ki soti nan Depatman Sante (Department of Health) a, dokiman sa ap rantre an vigè apati 12:01am nan vandredi 10 jiyè 2020.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan nevyèm jou mwa jiyè nan

ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a